

## BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun nganalisis struktur dongéng Si Kabayan jeung carita Abu Nawas, ma'na tina hasil interprétasi dongéng Si Kabayan jeung carita Abu Nawas (hermeneutikna), sarta babandingan struktur ogé hermeneutik dongéng Si Kabayan jeung Abu Nawas. Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta tiori struktural Robért Stanton, anu diwatesanan ku téma jeung fakta carita, sarta tiori hermeneutik pancacuriga Hidayat Suryalaga. Méthode jeung téknik anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta méthode déskriptif analisis kalawan pamarekan kualitatif, sedengkeun instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta instrumén ngumpulkeun data jeung instrumén ngolah data nu mangrupa kartu data struktural, kartu analisis data struktural, kartu data hermeneutik, kartu data analisis hermeneutik, tabél data babandingan struktural, tabél data analisis babandingan struktural, tabél data babandingan hermeneutik, jeung tabél data analisis babandingan hermeneutik. Objék dina ieu panalungtikan nyaéta tilu dongéng Si Kabayan (“Ngala Nangka”, “Paréa-réa Omong”, jeung “Dagang Nangka”) tina buku kumpulan dongéng *Si Kabayan* anu ditulis ku M.O. Koesman (2013) jeung opat carita Abu Nawas (“Abu Nawas Saémbara”, “Abu Nawas Nyamur”, “Sultan Kapiuhan”, jeung “Abu Nawas Dipanjara”) dina buku carita *Abu Nawas Saémbara* meunang Rachmat M. Saskarana (2018).

**Struktur** dina dongéng Si Kabayan jeung carita Abu Nawas dina ieu ulikan turta kacangking sagemblengna. **Téma** anu diangkat dina dongéng-dongéng Si Kabayan di antarana waé aya: 1) “neumbleuhkeun kasalahan sorangan ka batur sangkan teu katempo salah” dina dongéng “Ngala Nangka”, 2) “jalma bodo anu eusi omongan-na bener” dina dongéng “Paréa-réa Omong”, jeung 3) “migawé kahadéan keur kahadéan” dina dongéng “Dagang Nangka”. Dina carita Abu Nawas téma anu diangkat téh di antaran waé aya: 1) “nagara gering lantaran pamingpinna ogé gering” dina carita “Abu Nawas Saémbara”, 2) “jalma-jalma munapéék jeung teu tanggung jawab” dina carita “Abu Nawas Nyamur”, 3) “pamingpin leutik haté babari kajurung kana lambah nu salah” dina carita “Sultan Kapiuhan”, jeung 4)

Sinta Juliana Yusup, 2023

*BABANDINGAN DONGÉNG SI KABAYAN JEUNG CARITA ABU NAWAS (Ulikan Struktural Jeung Hermeneutik)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

“jalma-jalma sarakah nu resep ngarampas hak jeung kabébasan batur” dina carita “Abu Nawas Dipanjara”.

**Galur** dina dongéng Si Kabayan jeung carita Abu Nawas sagemlengna ngagunakeun galur méréle atawa galur maju. Anapon téhnik *pengaluran* dina hasil analisisna dimekarkeun kucara ngaruntuykeun tahapan-pertahapanna anu ngawengku tahapan *situation, generating cirmustances, rising action, climax* jeung *denouement*.

Sakabéh **palaku** anu ngalalakon dina dongéng Si Kabayan téh jumlahna aya opat belas, di antarana waé: 1) opat dina dongéng “Ngala Nangka” nyaéta Si Kabayan, Mitohana, Bah Asik, jeung Budak Angon, 2) opat dina dongéng “Paréa-réa Omong”, nyaéta Si Kabayan, tatangga, Nyi Iteung, jeung jalma anu ngala suung, jeung 3) genep palaku dina dongéng “Dagang Nangka”, nyaéta Si Kabayan, mitohana, pamajikanana, nu dagang daging, nu dagang sambara, jeung nu dagang kopi jeung gula. Dina carita Abu Nawas palaku anu ngalalakon dina jero carita téh aya salapan belas di antarana waé: 1) opat dina carita “Abu Nawas Saémbara”, nyaéta Abu Nawas, Sultan, tabib 1, jeung tabib 2, 2) lima dina carita “Abu Nawas Nyamur”, nyaéta Abu Nawas, Sultan, wazir, ponggawa nu ngalapor, jeung rahayat nu katalangsara, 3) lima dina carita “Sultan Kapiuhan”, nyaéta Abu Nawas, Sultan, wazir, ponggawa nu ngalapor, jeung tukang kebon, jeung 4) lima dina carita “Abu Nawas Dipanjara” anu di antarana nyaéta Abu Nawas, Ismail, Siti Aisyah, bapana Siti Aisyah, jeung mantri.

**Latar tempat** anu aya dina dongéng-dongéngna Si Kabayan téh nyaéta pilemburan anu kira-kira deukeut jeung pahumaan dina dongéng “Ngala Nangka”, pilemburan anu kira-kira deukeut jeung pakebonan di sakitaran walungan dina dongéng “Paréa-réa Omong”, jeung pasar sarta lingkungan imah Si Kabayan dina dongéng “Dagang Nangka”. Dina carita Abu Nawas, latar anu kacutat téh di antarana waé aya di sakitana karaton jeung wilayah kakawasaan Kasultanan Bagdad dina carita “Abu Nawas Saémbara”, “Abu Nawas Nyamur” jeung “Sultan Kapiuhan”, sedengkeun dina carita “Abu Nawas Dipanjara” latar tempatna aya di imah Abu Nawas, imah bapana Siti Aisyah, jeung panjara. **Latar waktu** dina dongéng Si Kabayan aya anu lumangsung ti isuk nepi ka beurang, waktu reureuh gawé, jeung peuting, sedengkeun dina carita Abu Nawas aya anu lumangsung ti

isuk-isuk nepi ka beurang, waktu putri Nur Hasanah gering, jeung ti sareupna nepi ka peuting. **Latar sosial** dina dongéng Si Kabayan patali jeung kagiatan atawa pakasaban di pilemburan deukeut tanah olahan, padagang sikep kasar salaki kapamajikanna, patani anu mukti jeung cukup, jeung agama Islam. Dina carita Abu Nawas latar sosial anu diangkatna patali jeung pakasaban dipamaréntahan, tabib, nu mingpin pausahaan, bébédaan status sosial jeung ékonomi masarakat, pamingpin anu dolim, jalma-jalma nu sok korupsi, jeung agama Islam.

**Hermeuneutik** dina dongéng Si Kabayan anu kacangking téh patali jeung pasualan-pasualan anu aya di masarakat, sedengkeun dina carita Abu Nawas patali jeung pasualan-pasualan anu aya di pamaréntahan. **Unsur silib** dina dongéng Si Kabayan di antarana aya, 1) personifikasi: nya-ruakeun sipat manusa jeung buah angka asak, 2) Ironi: jalma bodo nu bener jeung jalma waras nu salah, 3) béréhan lain alesan urang sieun rugi (dagang jeung sedekahna), jeung 4) Ironi: jalma-jalma nu medit jeung jalma-jalma nu hayang sagala dibéré. Dina carita Abu Nawas unsur silibna ngawengku 1) pamingpin anu teu wijaksana, 2) pamaréntah anu dolim jeung teu nohonan kana pancénna, 3) pamingpin nu cidra, jeung 4) korban-korban kadoliman pamaréntah.

**Unsur sindir** dina dongéng Si Kabayan di antarana waé aya dina sempalan dialog: 1) piraku teu nyaho jalan ka imah, 2) bisi nyasab deui, 3) cageur da henteu gering, 4) atuh da sieun, ngala batu lain pelak sorangan mah, sieu ku nu bogana, 5) mun ngomongna rék meuli, nya pasti kudu méré duit. Tapi lamun teu rék meuli mah, tapi hayangeun angka, ah naon héséna, jeung 6) ti harita cara dagang Si Kabayan jadi kacapangan. Unsur sindir anu kapanggih dina carita Abu Nawas di antarana waé aya dina sempalan dialog: 1) kembang kame-lang sanagara (putri Nur Hasanah teu damang), 2) boa-boa Sultan téh maju ka teu damang émutanana, 3) mana buktina kamashuran jeung kaagungan Sultan téh?... mun dina buktina teu bisa ngurus rahayatna sorangan?, 4) runtah téh goréng katénjona, 5) Mun ku Si Aki pangebon mah runtah téh tacan karuhan beresih, 6) tiasa kajait tina jungkrang katunggaraan, 7) bibit-bibit kasarakan nu ngalantarankeun katung-garaan rahayat, jeung 8) hukum mah ngan ukur pikeun rahayat.

**Unsur Simbul** dina dongéng Si Kabayan di antarana waé aya buah angka nu nyasab, keusik jeung batu di walungan, jeung buah angka nu panjang tur amis.

Dina carita Abu Nawas, unsur simbulna nyaéta aya saémbara jeung putri nu gering, nyamur, runtah, jeung panjara. **Unsur Siloka** dina dongéng Si Kabayan di antarana aya: 1) sawawa henteuna jalma lain ditangtukeun ku umur, 2) jalma-jalma nu sasab lampah, 3) jalma-jalma nu sok barang aku kana naon-naon nu lain hakna, 4) kahadéan dibales ku kahadéan, jeung 5) jalma-jalma nu hayang amisna hungkul. Dina carita Abu Nawas, unsur siloka di antarana waé aya: 1) jalma-jalma anu teu silih ajénan, 2) jadi pamingpin mah kudu asak babalitungan, kudu bisa ngalieuk ka tukang, malik ka hareup, 3) jadi pamingpin mah kudu asak babalitungan, kudu bisa ngalieuk ka tukang, malik ka hareup, 4) ulah jadi pamingpin nu dolim, 5) pamingpin nu hadé nyaéta pamingpin nu bisa ngurus jeung merhatikeun karaharjaan rahayatna, 6) ulah jadi pamingpin anu cidra, 7) pamingpin sasab léngkah, rahayat sangsara, jeung 8) pamaréntah/pamingpin nu hadé nyaéta pamingpin nu ngajénan agama.

**Unsur Sasmita** dina dongéng Si Kabayan sacara umum mangrupa ma'na nu hayang ditepikeun ku nu ngarang dongéng Si Kabayan patali jeung sindiran ogé kritikan kana paripolah manusa anu geus jauh tina ajén-inajén hirup nu sakuduna. Anapon dina carita Abu Nawas, sacara umum unsur silokana ngandung ma'na mangrupa sindiran jeung kritikan kana paripolah pamaréntah anu teu nohonan pancénna.

**Hasil babandingan struktur** dina ieu panalungtikan patali jeung **téma** anu diangkat dina dongéng Si Kabayan umumna nyaritakeun ngeunaan pasualan-pasualan anu patali jeung paripolah manusa antara anu hadé jeung anu goréng, sedengkeun téma anu diangkat dina carita Abu Nawas umumna patali jeung pasualan-pasualan pamaréntahan lataran para pamingpinna teu nohonan kana pancénna.

**Palaku** anu aya dina dongéng Si Kabayan jeung carita Abu Nawas tangtu béda-béda ku sabab carita anu ditémbongkeunna ogé béda. Tapi nilik kana watekna aya hal anu bisa dibandingkeun utamana dina palaku utama, peran palaku utama, jeung palaku anu nimbulkeun konflik dina caritana. Palaku utama dina dongéng-dongéng Si Kabayan nya Si Kabayanna sorangan. Kitu deui dina carita Abu Nawas palaku utamana ogé nya Abu Nawasna sorangan. Peran palaku Si Kabayan minangka palaku utama dina dongéng-dongéngna nyaéta peran pikeun nepikeun kritikan ngaliwatan watekna anu mahiwal jeung anéh. Sedengkeun peran Abu

Nawas dina eusi carita-caritana nyaéta salaku tokoh anu matotoskeun pasualan-pasualan nu aya ku cara ngamangpaatkeun kapinteranana, boh pinter akalna boh pinter dina ngomongna. Sedengkeun palaku anu mekarkeun konflik dina dongéng Si Kabayan nyaéta Si Kabayanna sorangan. Ari dina carita Abu Nawas mah palaku anu mekarkeun konflik téh nyaéta pagawé-pagawé pamaréntahan anu teu nohonan pancénna.

Nilik kana **latarna**, teu katitén aya data anu bisa disaruakeun babandinganna. Boh latar tempat, boh latar waktu, boh latar sosial anu dipidangkeun dina dongéng Si Kabayan jeung carita Abu Nawas turta sagemblengna béda. Bébédan latar dina dongéng Si Kabayan jeung carita Abu Nawas téh lantaran aya patalina jeung kasang tukang mekarna dongéng-dongéng Si Kabayan jeung carita Abu Nawas. Dongéng Si Kabayan asalna sumebar di tatar Sunda, sedengkeun carita Abu Nawas asalana sumebar di nagri Bagdad.

**Babandingan tina hasil analisis hermeneutik** dongéng Si Kabayan jeung carita Abu Nawas ogé sarua teu ngahasilkeun sasaruuan anu réa. Nilik kana **unsur silibna**, dongéng Si Kabayan réréana nyoko kana pariolah manusa anu salah jeung anu bener, sedengkeun dina carita Abu Nawas réréana nyoko kana watek-wakek pamingpin anu goréng jeung balukar anu dirasakeun ku rahayatna. **Unsur sindir** dina dongéng Si Kabayan jeung carita Abu Nawas dicangking tina kecap, frasa, atawa kalimah anu ngandung bahan pikiraneun.

**Unsur simbol** dina dongéng-dongéng Si Kabayan diwakilan ku hal-hal anu aya di alam sabudereun tokoha (dipilemburan) kayaning angka, keusik, jeung batu. Sedengkeun dina carita Abu Nawas, katitén yén simbol-simbul anu dipaké minangka lambang anu ngawakilan eusi caritana téh dicokot tina hal-hal anu aya disabudeureun karajaan, saperti saémbara, nyamur, runtah, jeung panjara.

**Unsur siloka** dina dongéng-dongéng Si Kabayan dipaké pikeun ngartikeun simbol-simbul anu aya patula patalina jeung pasualan di masarakat sacara umum. Sedengkeun unsur siloka dina carita Abu Nawas dipaké pikeun ngartikeun simbol-simbul anu aya patula-patalina jeung kritikan-kritikan ka pamaréntah.

**Unsur sasmita** dina dongéng Si Kabayan umumna patali jeung ma'na anu hayang ditepikeun ku pangarang dina wangun sindiran jeung kritikan kana paripolah manusa anu geus jauh tina ajén-ajén kahirupan anu samistina. Dina carita

Abu Nawas unsur sasmita umumna némbongkeun ma'na dina wangun sindiran jeung kritikan kana paripolah pamaréntah anu teu nohonan kana pancénna.

## 5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisis anu geus dilaksanakeun, ieu panalungtikan téh miboga implikasi dina sababaraha widang, nyaéta widang paélmuan (hususna élmu sastra), sosial, pamaréntahan, agama, jeung moral. Dina widang paélmuan husuna widang sastra, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh nu maca utamana dina maham struktural jeung hermeneutik sastra. Saterusna, dina widang sastra, agama, moral, jeung sosial, ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa mawa pamahaman anyar kana interprétasi watek Si Kabayan anu sok digambarkeun goréng téh saéstuna ngandung ajén-ajén kritikan anu beunghar sarta universal. Dina widang pamaréntahan nu patalina jeung sikep hadé ogé goréng téh bisa nangtukeun arah kapamingpinanna.

## 5.3 Rékoméndasi

Tina hasil ieu panalungtikan, kapaluruh ayana sababaraha rékoméndasi anu ditujukeun pikeun sababaraha pihak anu aya patalina jeung ieu panalungtikan, nyaéta pikeun panalungtik satuluyna, pikeun guru, jeung masarakat umum. Pikeun panalungtik satuluyna, dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan minangka hiji tatapakan panalungtikan anu leuwih jembar sarta bisa ngagunakeun péso analisis lianna pikeun ngeuyeuban cara maham karya-karya prosa buhun anu kalintang beunghar ku ajén-inajénna anu nyamuni. Pikeun guru, dipiharep bisa ngamanpaatkeun ieu panalungtikan, tur dijadikeun rujukan atawa tatapakan, ogé pilihan dina nangtukeun bahan bacaan anu ngandung ajén-inajén kahirupan anu hadé. Pamungkas, pikeun masarakat umum, dipihareup ieu hasil panalungtikan téh bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan kasusastraan, palsapah, kapamingpinan, moral, agama, jeung sosial.